

# **Amannman ak Revizyon nan Konstitisyon an yo Pwopoze pou Eleksyon Jeneral 2018 la**



Divizyon Eleksyon Florid


Depatman Deta Florid

Nòt: Sou lòd Tribunal Siprèm Florid la, yo retire REVIZYON KONSTITISYONÈL NIM. 8 (Tit bilten vòt la: Limit Manda ak Devwa Asanble Edikasyon an; Lekòl Piblik) nan Bilten Vòt Eleksyon Jeneral 2018 la. Gade SC18-1368. Tout lòt amannman yo (1-7 ak 9-13) ap parèt sou bilten vòt la jan yo nimewote a.

# Amannman ak Revizyon nan Konstitisyon an yo

## Pwopoze pou Eleksyon Jeneral 2018 la

|   |    |
|---|----|
| Nimewo 1: Ogmantasyon Egzansyon Taks sou Pwopriyete Familyal .....  | 1  |
| Nimewo 2: Limitasyon sou Prelèvman Taks sou Pwopriyete yo.....  | 5  |
| Nimewo 3: Kontwòl Votè sou Jwèt Aza nan Florid.....   | 7  |
| Nimewo 4: Amannman pou Restorasyon Vòt.....   | 10 |
| Nimewo 5: Egzijans pou gen Majorite Kalifye pou Enpoze, Otorize, oswa<br>Ogmante Taks oswa Frè Eta.....                         | 12 |
| Nimewo 6: Dwa Viktim Krim yo; Jij.....  | 14 |
| Nimewo 7: Avantaj Sosyal pou Sivivan Premye Entèvenan ak Militè; Kolèj<br>ak Invèsite Piblik.....                               | 20 |
| Nimewo 8: Limit Manda ak Devwa Asanble Edikasyon an; Lekòl<br>Piblik.....   | 24 |
| Nimewo 9: Li Entèdi Foraj pou Petwòl ak Gaz nan Lanmè; Li Entèdi Fimen<br>Sigarèt Elektwonik nan Lye Travay Enteryè Fèmen ..... | 26 |
| Nimewo 10: Estrikti ak Fonksyònman Gouvènman Eta ak Lokal la .....  | 31 |
| Nimewo 11: Dwa Pwopriyete; Retrè Dispozisyon Demode; Lwa Penal ..   | 38 |
| Nimewo 12: Fonksyonè Piblik k ap Fè Lobi epi Abize Fonksyon yo.....   | 40 |
| Nimewo 13: Li Mete yon Fen nan Kous Chen .....  | 45 |



**NIM. 1**  
**AMANNMAN KONSTITISYONÈL**  
**ATIK 7, SEKSYON 6**  
**ATIK 12, SEKSYON 37**

**TIT BILTEN VÒT LA:**

Ogmantasyon Egzansyon Taks sou Pwopriyete Familyal

**REZIME BILTEN VÒT LA:**

Yo pwopoze yon amannman nan Konstitisyon Eta a pou ogmante egzansyon sou pwopriyete familyal la gras a yon egzansyon sou valè ki kapab takse sou pwopriyete familyal ki depase \$100,000 epi rive jiska \$125,000 pou tout prelèvman ki pa prelèvman distrik eskolè. Amannman an ap an vigè apati 1ye janvye 2019.

**TÈKS KONPLÈ:**

**ATIK 7**  
**FINANS AK TAKSASYON**

SEKSYON 6. Egzansyon taks sou pwopriyete familyal. —

(a) Tout moun ki gen tit legal oswa efektif sou imobiliye epi ki kenbe sou li rezidans pèmanan antanke pwopriyetè, oswa yon lòt moun ki sou responsabilite legal oswa natirèl pwopriyetè a, ap gen egzansyon pou taksasyon sou li, eksepte prelèvman fiskal pou avantaj sosyal espesyal, jiska yon valè estime vennsenk mil dola epi, pou tout prelèvman ki pa prelèvman distrik eskolè, sou valè estime ki pi wo pase senkant mil dola jiska swasannkenz mil dola, epi sou prelèvman ki pi wo pase san mil dola rive jiska san vennsenk mil dola, lè dwa sa a tabli jan lalwa preskri li a. Imobiliye a gen dwa pa tit legal oswa efektif, annantye, nan men kominate konjigal la, ansanm, an komen, kòm yon kondominyòm, oswa endirèkteman pa aksyon oswa adezyon ki reprezante enterè pwopriyetè oswa manm lan nan yon konpayi ki posede yon frè oswa yon pwopriyete ki lwe pou plis pase katrevendizwit lane. Egzansyon an p ap aplike pou ankenn kadas sòf si gen yon òganis leta lwa jeneral la deziyen ki toudabò detèmine kadas sa a respekte dispozisyon yo nan seksyon 4 la.

Egzansyon sa a revoke nan dat efektif nenpòt ki amannman nan Atik sa a ki prevwa estimasyon pwopriyete familyal a mwens pase valè jis.

(b) Yon moun oswa fanmi p ap kapab gen plis pase yon sèl egzansyon pou nenpòt ki inite rezidansyèl. Pa gen egzansyon ki kapab depase valè imobilye yo estime pou pwopriyetè a oswa, si pwopriyete a sou fòm aksyon oswa adezyon nan yon konpayi, valè pwopòsyon ki gen enterè I nan konpayi an ki pote valè estime pwopriyete a.

(c) Pa lwa jeneral epi sijè a kondisyon ki presize isit yo, Kò Lejislatif la gen dwa ofri lokatè, ki se rezidan pèmanan, alèjman anba taks sou valè pou tout prelevman taks sou valè yo. Alèjman anba tasks sou valè sa a ap sou fòm yon montan lwa jeneral la tabli.

(d) Kò lejislatif la gen dwa, pa lwa jeneral, pèmèt konte oswa minisipalite yo, nan bi prelve taks yo chak epi sijè a dispozisyon lwa jeneral la, akòde nenpòt oswa toude egzansyon pou taks sou pwopriyete anplis sila yo:

(1) Yon egzansyon ki pa depase senkant mil dola bay tout moun ki gen tit legal oswa efektif a imobilye epi ki kenbe rezidans pèmanan antanke pwopriyetè sou li, ki rive laj swasannsenk lane, epi ki gen revni tout moun lakay li, jan lwa jeneral la defini I, ki pa depase ven mil dola; oswa

(2) Yon egzansyon egal a valè estime pwopriyete a bay tout moun ki gen tit legal oswa efektif a imobilye ki gen valè jis mwens pase desan senkant mil dola, dapre sa yo detèmine nan premye ane taks kote pwopriyetè a aplike a epi kalifye pou egzansyon an, epi ki kenbe rezidans pèmanan antanke pwopriyetè sou li pandan omwen vennsenk lane epi ki rive laj swasannsenk lane, epi ki gen revni tout moun lakay li ki pa depase limitasyon sou revni ki preskri nan paragraf (1) an.

Lwa jeneral la dwe pèmèt konte oswa minisipalite yo akòde egzansyon anplis sa yo, nan limit paragraf sa a preskri yo, pa òdonans yo adopte nan jan lwa jeneral la preskri li, epi li dwe prevwa ajisteman peryodik limitasyon sou revni ki preskri nan paragraf sa a pou chanjman nan kou lavi a.

(e) Chak veteran ki gen laj omwen 65 lane ki gen andikap pèmanan pasyèl oswa total ap resevwa rabè sou montan taks sou valè ki dwe sou pwopriyete familyal veteran an posede epi kote li rezide a si andikap la te gen pou wè avèk konba epi veteran an te sòti ak lonè lè li te separe avèk sèvis militè a. Rabè a ap yon pouvantaj ki egal a

pousantaj andikap pèmanan poutèt sèvis veteran an, jan Depatman Zafè Veteran Etazini an (United States Department of Veterans Affairs) detèmine li. Pou kalifye pou rabè paragrap sa a akòde a, yon aplikan dwe soumèt bay ekspè imobilye konte a, disi 1ye mas, yon lèt ofisyèl Depatman Zafè Veteran Etazini an ekri ki bay pousantaj andikap poutèt sèvis veteran an ak prèv ki idantifye yon fason rezonab andikap la kòm yon andikap poutèt konba ak kopi sóti ak lonè veteran an. Si ekspè imobilye a refize demann rabè a, ekspè a dwe fè aplikan an konnen pa ekri rezon refi a, epi veteran an gen dwa fè demann ankò. Kò Lejislatif la gen dwa, pa lwa jeneral, fè gras de egzijans fè demann nan chank ane pou ane ki vin apre yo. Paragrap sa a aplikab dirèkteman donk li pa bezwen mezi lejislatif.

(f) Pa lwa jeneral epi sijè a kondisyon ak limitasyon ki presize isit la, Kò Lejislatif la gen dwa ofri yon alèjman anba taks sou valè egal a montan total oswa yon pòsyon taks sou valè ki dwe apa sa sou pwopriyete familyal la bay:

(1) Mari/madanm sivivan yon veteran ki mouri poutèt sèvis li pandan sèvis aktif antanke manm Fòs Ame Etazini.

(2) Mari/madanm sivivan yon sekouris premye entèvansyon ki mouri pandan egzèsis fonksyon li.

(3) Yon sekouris premye entèvansyon ki gen andikap total ak pèmanan poutèt blesi li sibi pandan egzèsis fonksyon li. Yo pa dwe sipoze yon relasyon kòz ak efè ant yon andikap ak sèvis pandan egzèsis fonksyon men yo dwe detèmine li jan lwa jeneral la prevwa sa. Pou paragrap sa a, tèm "andikap" la pa gen ladan pwoblèm kwonik ni maladi kwonik, sòf si blesi ki rive pandan egzèsis fonksyon an te sèl kòz pwoblèm kwonik oswa maladi kwonik la.

Jan yo sèvi nan paragrap sa a epi jan lwa jeneral la defini li, tèm "sekouris premye entèvansyon" an vle di yon polisye, yon gadyen prizon, yon ponpye, yon teknisyen ijans medikal, oswa yon paramedikal, epi tèm "pandan egzèsis fonksyon li" an vle di ki fèt poutèt ak pandan I ap fè devwa anplwa li egzije antanke sekouris premye entèvansyon.

## ATIK 12

### ORE

SEKSYON 37. Ogmantasyon taks sou pwopriyete familyal. — Seksyon sa a ak amannman nan Seksyon 6 Atik 7 la k ap ogmante egzansyon sou pwopriyete familyal la gras a yon egzansyon sou valè ki kapab takse sou pwopriyete familyal ki depase \$100,000 epi rive jiska \$125,000 pou tout prelèvman ki pa prelèvman distrik eskolè ap an vigè apati 1ye janvye 2019.

**NIM. 2**  
**AMANNMAN KONSTITISYONÈL**  
**ATIK 12, SEKSYON 27**

**TIT BILTEN VÒT LA:**

Limitasyon sou Prelèvman Taks sou Pwopriyete yo

**REZIME BILTEN VÒT LA:**

Yo pwopoze yon amannman nan Konstitisyon Eta a pou kenbe nèt dispozisyon ki an vigè yo kounyeya, ki limite ogmantasyon yo sou prelèvman taks sou pwopriyete sou pwopriyete imobiliye espesifye ki pa pwopriyete familyal, eksepte pou taks distrik eskolè yo, a 10 pousan chak ane. Si li apwouye, amannman an ap retire revokasyon ki planifye pou dispozisyon sa yo an 2019 epi l ap antre an vigè apati 1ye janvye 2019.

**TÈKS KONPLÈ:**

ATIK 12  
ORÈ

SEKSYON 27. Egzansyon taks sou pwopriyete ak limitasyon sou prelèvman taks sou pwopriyete. —

(a) Amannman yo nan Seksyon 3, 4, ak 6 nan Atik 7, ki prevwa yon egzansyon \$25,000 pou byen mèb kòporèl, prevwa yon lòt egzansyon \$25,000 sou pwopriyete famiyal, otorize transfè benefis akimile sòti nan limitasyon sou prelèvman taks sou pwopriyete familyal la, ak seksyon sa a, si yo soumèt yo bay elektè yo nan Eta sa a pou yo apwouye oswa refize yo nan yon eleksyon espesyal lalwa otorize pou yo fè nan dat 29 janvye 2008, ap an vigè kou elektè yo apwouye yo epi ap efektif tou apati 1ye janvye 2008, oswa, si yo soumèt yo bay elektè yo nan Eta sa a pou yo apwouye oswa refize yo nan pwochen eleksyon jeneral la, ap an vigè apati 1ye janvye ane ki vini apre eleksyon jeneral sa a. Amannman yo nan Seksyon 4 nan Atik 7 ki kreye paragraf (g)(f) ak (h)(g) nan seksyon sa a, ki kreye yon limitasyon sou ogmantasyon prelèvman taks ànyèl yo pou pwopriyete imobiliye yo presize, ap antre an vigè kou elektè yo apwouye yo epi ap

kòmanse limite prelèvman taks yo apati 1ye janvye 2009, si yo apwouve yo nan yon eleksyon espesyal k ap fèt 29 janvye 2008, oswa ap kòmanse limite prelèvman taks yo nan dat 1ye janvye 2010, si yo apwouve yo nan eleksyon jeneral k ap fèt an novanm 2008 la.

~~Paragrap (f) ak (g) yo nan Seksyon 4 nan Atik 7 ap revoke apati 1ye janvye 2019; sepandan, kò lejislatif la ap pwopozé pa rezolisyón konjwen yon amannman k ap abwoje revokasyon paragrap (f) ak (g) yo, ke y ap soumet bay elektò yo nan Eta sa a pou yo apwouve oswa refize yo nan eleksyon jeneral 2018 la epi, si yo apwouve yo, y ap an vigè apati 1ye janvye 2019.~~

(b) Amannman an nan paragrap (a) ki abwoje revokasyon yo te planifye a pou paragrap (g) ak (h) yo nan Seksyon 4 nan Atik 7 Konstitisyon Eta a jan li te egziste an 2017 la, ap an vigè apati 1ye janvye 2019.

**NIM. 3  
AMANNMAN KONSTITISYONÈL  
ATIK 10, SEKSYON 29**

**TIT BILTEN VÒT LA:**

Kontwòl Votè sou Jwèt Aza nan Florid

**REZIME BILTEN VÒT LA:**

Amannman sa a garanti votè Florid yo ap gen dwa eksklizif pou yo deside si pou yo otorize jwèt aza nan kazino gras a egzijans dèské pou lwa Florid otorize jwèt aza nan kazino, votè Florid yo dwe apwouve li konfòmeman a Atik 11, Seksyon 3 nan Konstitisyon Florid la. Li touche atik 10 ak 11. Li defini jwèt aza nan kazino epi klarifye amannman sa a pa an konfli avèk lwa federal sou konvansyon eta/tribal yo.

**DEKLARASYON KONSEKANS FINANSYE:**

Nan moman an yo pa kapab detèmine konsekans amannman an sou revni ak kou gouvènman Eta ak lokal yo, si genyen, poutèt yo pa konn efè li sou operasyon jwèt aza votè yo pa apwouve atravè yon amannman konstitisyonèl yo pwopoze nan kad yon pwoesisis petisyon entwidiktif sitwayen.

**TÈKS KONPLÈ:**

Yo amande ATIK 10, KONSTITISYON FLORID, pou mete nouvo seksyon ki annapre a:

Kontwòl Votè sou Jwèt Aza nan Florid.

(a) Amannman sa a garanti votè Florid yo ap gen dwa eksklizif pou yo deside si pou yo otorize jwèt aza nan kazino nan Eta Florid. Amannman sa a egzije yon vòt pa inisyativ sitwayen yo konfòmeman a Atik 11, seksyon 3, pou yo otorize jwèt aza nan kazino selon lwa Florid. Seksyon sa a amande Atik sa a; epi li touche Atik 11 tou, poutèt li fè inisyativ sitwayen yo vin sèl metòd pou otorize jwèt aza nan kazino.

(b) Jan li sèvi nan seksyon sa a, “jwèt aza nan kazino” vle di nenpòt tip jwèt lajan yo jwenn nan kazino epi ki fè pati definisyon jwèt lajan Klas 3 nan Ak Règlemantè Federal sou Jwèt Lajan nan Kazino Endyen an, 25 U.S.C. § 2701 et seq. (Indian Gaming Regulatory Act, “IGRA”), ak nan 25 C.F.R. §502.4, epi tout sa yo ajoute yo nan definisyon jwèt lajan Klas 3 nan lavni. Sa gen ladan, pamì lòt bagay, tout jwèt lajan kont bank kazino a, tankou paregzanp jwèt kat tankou bakara, chemennfè, venteyen (21), ak pai gow (si yo jwe yo kont bank kazino an); tout jwèt lajan kont jwè ki imite jwèt lajan kont bank kazino an, tankou paregzanp venteyen Kalifoni; jwèt kazino tankou woulèt, jwèt zo, ak keno; tout dyakpòt jan yo defini nan 15 U.S.C. 1171(a)(1); ak tout lòt jwèt ki pa otorize nan Atik 10, seksyon 15, ke li defini ke li pa defini kòm dyakpòt, kote sa ki detèmine rezulta yo se yon jeneratè nonb aleyatwa oswa yo aleyatwa menm jan an, tankou paryaj sou kous instantane oswa ki fêt deja. Jan li sèvi isit la, “jwèt aza nan kazino” gen ladan tout aparèy jwèt aza elektwonik, aparèy ki imite jwèt aza, aparèy lotri videyo, aparèy lotri sou entènèt, ak tout lòt fòm kopi elektwonik oswa elektwomekanik kèlkeswa jwèt chans, dyakpòt, oswa jwèt estil kazino, kèlkeswa jan aparèy sa yo defini selon IGRA. Jan li sèvi isit la, “jwèt aza nan kazino” pa gen ladan pari sou ni kous chwal, ni kous chen, ni demonstrasyon jai alai. Pou seksyon sa a, “jwèt aza” ak “jwèt lajan” se sinonim.

(c) Pa gen anyen isit la yo dwe jije kòmkwa li limite dwa Kò Lejislatif la pou li egzèse otorite li la selon lwa jeneral pou li mete restriksyon, kontwòl, oswa taks sou kèlkeswa aktivite jwèt lajan oswa jwèt aza a. Anplis de sa, pa gen anyen isit la yo dwe entèprete kòmkwa li limite kapasite Eta a oswa tribi Endyen yo pou yo negosye akò sou jwèt lajan konfòmeman a Ak Règlemantè sou Jwèt Lajan nan Kazino an pou jwèt aza nan kazino kapab fèt sou tè tribal yo konfòmeman a akò Eta a ak tribi endyen yo siyen konfòmeman a IGRA.

(d) Seksyon sa a ap an vigè kou votè yo apwouve li, li aplikab dirèkteman, epi li pa bezwen mezi lejislatif.

(e) Si gen nenpòt pati nan seksyon sa a yo konsidere kòm envalid kèlkeswa rezon an, yo dwe separe pòsyon ki rete a oswa ki rete yo de pòsyon envalid la epi kenbe li oswa yo an vigè nèt.

**NIM. 4  
AMANNMAN KONSTITISYONÈL  
ATIK 6, SEKSYON 4**

**TIT BILTEN VÒT LA:**

Amannman pou Restorasyon Vòt

**REZIME BILTEN VÒT LA:**

Amannman sa a restore dwa vòt Floridyen yo te kondane pou deli grav lè yo fin piye tout tèm santans yo a, sa gen ladan liberasyon kondisyonèl oswa pwobasyon. Amannman an p ap aplike pou moun yo te kondane poutèt asasina oswa enfraksyon seksyèl, k ap kontinye gen entèdiksyon pèmanan pou yo vote sòf si Gouvènè a ak Kabinè a vote pou restore dwa vòt yo sou yon baz ka pa ka.

**DEKLARASYON SOU KONSEKANS FINANSYE:**

Yo pa kapab detèmine efè presi amannman sa a sou kou gouvènman Eta ak lokal yo, men aplikasyon lwa sou enskripsyon votè ki an vigè yo, konbine avèk yon kantite deplizanpli gran kriminèl k ap enskri pou vote, pral pwodui kou pi wo an jeneral pa rapò a pwosede ki anplas yo jodi a. Yo pa kapab detèmine konsekans la, si genyen, sou revni gouvènman Eta ak lokal yo. Yo pa kapab detèmine yon fason rezonab konsekans fiskal yon lejislasyon fiti k ap mete sou pye yon pwosede diferan.

**TÈSKS KONPLÈ:**

Atik 6, Seksyon 4. Diskalifikasyon.—

(a) Pa gen ankenn moun ki kondane poutèt krim, oswa yo jije nan Eta sa a oswa nan nenpòt ki lòt Eta kòm enkonpetan mantalman, k ap kalifye pou vote oswa gen fonksyon toutotan yo pa restore dwa sivil li oswa retire andikap li a. Eksepte jan sa prevwa nan paragraf (b) seksyon sa a, y ap anile tout diskalifikasyon pou vote ki rive poutèt kondanasyon pou krim epi y ap restore dwa vòt yo apre moun nan fin piye tout tèm santans la sa gen ladan liberasyon kondisyonèl oswa pwobasyon.

(b) Pa gen moun ki te kondane poutèt asasina oswa enfraksyon seksyèl kriminèl k ap kalifye pou vote toutotan yo pa restore dwa sivil li.

(b) Pa gen ankenn moun ki gen dwa parèt sou bilten vòt la pou yo re-eli li pou ankenn nan fonksyon ki annapre yo:

- (1) Reprezantan Florid,
  - (2) Senatè Florid,
  - (3) Gouvènè Adjwen Florid,
  - (4) kèlkeswa fonksyon an nan kabinè Florid la,
  - (5) Reprezantan Ameriken ki sòti nan Florid, oswa
  - (6) Senatè Ameriken ki sòti nan Florid
- si, disi fen manda aktyèl la nan fonksyon an, moun nan ap sèvi (oswa, si li pa t demisyone, t ap sèvi) nan fonksyon sa a pandan wit lane konsekitif.

**NIM. 5**  
**AMANNMAN KONSTITISYONÈL**  
**ATIK 7, SEKSYON 19**

**TIT BILTEN VÒT LA:**

Egzijans pou gen Majorite Kalifye pou Enpoze, Otorize, oswa  
Ogmante Taks oswa Frè Eta

**REZIME BILTEN VÒT LA:**

Li entèdi kò lejislatif la enpoze, otorize, oswa ogmante yon taks oswa frè Eta eksepte atravè lejislasyon ki gen apwobasyon detyè vòt yo nan chak chanm lejislatif nan yon pwojè-lwa ki pa gen lòt sijè. Pwopozisyon sa a pa otorize taks oswa frè Eta Konstitisyon an nòmalman entèdi epi li pa aplike pou frè oswa taks yon konte, minisipalite, asanble edikasyon, oswa distrik espesyal enpoze oswa otorize pou yo enpoze.

**TÈKS KONPLÈ:**

ATIK 7  
FINANS AK TAKSASYON

SEKSYON 19. Egzijans pou gen majorite kalifye pou enpoze, otorize, oswa ogmante taks oswa frè Eta.—

(a) EGZIJANS POU GEN MAJORITE KALIFYE POU ENPOZE OSWA OTORIZE NOUVO TAKS OSWA FRÈ ETA. Kò lejislatif la pa kapab ni enpoze ni otorize ankenn novo taks oswa frè Eta sòf pa lejislasyon ke de-tyè manm yo nan chak chanm lejislatif apwouve epi ke y ap prezante bay Gouvènè a pou li apwouve konfòmeman a Atik 3,

Seksyon 8.

(b) EGZIJANS POU GEN MAJORITE KALIFYE POU OGMANTE TAKS OSWA FRÈ ETA. Kò lejislatif la pa kapab ogmante taks oswa frè Eta sòf pa lejislasyon ke de-tyè manm yo nan chak chanm lejislatif apwouve epi ke y ap prezante bay Gouvènè a pou li apwouve konfòmeman a Atik 3, Seksyon 8.

(c) KONDISYON APLIKASYON. Seksyon sa a pa otorize yo enpòze ankenn taks ni frè Konstitisyon sa a entèdi otreman, epi li pa aplike pou

ankenn taks ni frè ke yon konte, minisipalite, asanble edikasyon, oswa distrik espesyal enpoze, oswa otorize yo enpoze.

(d) DEFINISYON. Jan yo sèvi nan seksyon sa a, tèm ki annapre yo ap gen sans ki annapre yo:

(1) "Frè" vle di tout peman lalwa mande, sa gen ladan tout frè pou sèvis, frè oswa kou pou lisans, ak peman yo mande pou sèvis.

(2) "Ogmante" vle di:

a. Ogmante oswa otorize yon ogmantasyon nan to yon enpo oswa yon frè Eta a yo enpoze sou yon pouvantaj oswa sou yon baz pa mil;

b. Ogmante oswa otorize yon ogmantasyon nan montan yon taks oswa frè Eta yo enpoze sou yon baz montan fòfetè oswa fiks; oswa

c. Redui oswa elimine yon egzansyon oswa kredi sou taks oswa frè Eta a.

(e) YON SÈL SIJÈ. Yon taks oswa frè Eta yo enpoze, otorize, oswa ogmante selon seksyon sa a dwe nan yon pwojè lwa separe ki pa gen ankenn lòt sijè.

**NIM. 6**  
**REVIZYON KONSTITISYONÈL**  
**ATIK 1, SEKSYON 16**  
**ATIK 5, SEKSYON 8 AK 21**  
**ATIK 12, NOUVO SEKSYON**

**TIT BILTEN VÒT LA:**

Dwa Viktim Krim yo; Jij

**REZIME BILTEN VÒT LA:**

Li kreye dwa konstitisyonèl pou viktим krim yo; li egzije pou tribunal yo fasilité dwa viktим yo; li otorize viktим yo pou yo egzèse dwa yo nan pwosedi penal ak jistis pou timoun. Li egzije pou jij yo ak ajan odyans yo entèprete lwa yo ak règ yo yon fason endependan olye pou yo sèvi avèk entèpretasyon òganis gouvènman. Li monte laj retrèt obligatwa jij jiridiksyon siperyè ak jij tribunal premye enstans Eta yo sòti swasanndizan pou vin swasanckenzan; li anile otorizasyon pou yo fini manda jidisè a si yo gen tan fè mwatye manda a disi laj retrèt la.

**TÈKS KONPLÈ:**

**ATIK 1**  
**DEKLARASYON DWA**

**SEKSYON 16.** Dwa akize yo ak viktим yo.—

(a) Nan tout pousuit penal yo dwe mete akize a okouran, sou demann, nati ak kòz akizasyon an, epi yo dwe ba li yon kopi akizasyon yo, epi li dwe gen dwa pou li gen pwosedi obligatwa pou temwen yo, pou li konfwonte pandan pwosè a temwen advès yo, pou yo tande li an pèsòn, tande avoka li oswa toude, epi pou li gen yon pwosè rapid ak publik devan yon jiri san patipri nan konte kote krim la te komèt la. Si yo pa konn nan ki konte, enkilpasyon an oswa enfòmasyon an gen dwa sezi tribunal nan omwen de konte konjwentman epi prèv krim nan te komèt nan zòn sa a dwe sifi; men anvan li plede akize a gen dwa chwazi nan kilès nan konte sa yo pwosè a ap fèt. Se lalwa k ap fikse lye pousuit la pou krim ki komèt andeyò fwontyè Eta a.

(b) Pou prezèye ak pwoteje dwa viktim krim yo pou yo jwenn jistis, garanti yon wòl konkrè nan sistèm jistis penal ak jistis pou timoun nan pou viktim krim yo, epi garanti lalwa respekte ak pwoteje dwa ak enterè viktim krim yo yon fason ki pa mwen enèjik pase pwoteksyon yo akòde defandè kriminèl yo ak jèn delenkan yo, chak viktim gen dwa ki annapre yo, kòmanse nan moman li vin viktim nan:

(1) Dwa a pwosedi ofisyèl epi pou yo trete li avèk jistis ak respè pou diyite viktim nan.

(2) Dwa pou li pa sibi ni kaponnay, ni pèsekisyon, ni abi.

(3) Dwa, nan pwosesis jidisyè a, pou li jwenn pwoteksyon rezonab kont akize a ak tout moun k ap aji onon akize a. Sepandan, pa gen anyen isit la ki fèt pou kreye yon relasyon espesyal ant viktim krim nan ak kèlkeswa òganis oswa biwo fòs de lòd sóf si se yon relasyon oswa devwa espesyal Iwa Florid la defini.

(4) Dwa pou yo konsidere sekirite ak byennèt viktim nan ak fanmi viktim nan lè y ap fikse kosyon, sa gen ladan fikse kondisyon liberasyon anvan pwosè k ap pwoteje sekirite ak byennèt viktim nan ak fanmi viktim nan.

(5) Dwa anpeche divilgasyon enfòmasyon oswa dosye ki ta kapab sèvi pou jwenn oswa pèsekite viktim nan oswa fanmi viktim nan, oswa ki ta kapab divilge enfòmasyon konfidansyèl oswa pwoteje sou viktim nan.

(6) Yon viktim dwe gen dwa presi ki annapre yo sou demann:

a. Dwa a avètisman rezonab, kòrèk, ak alè sou, epi pou li prezan nan, tout pwosedi piblik ki gen pou wè avèk konduit kriminèl la, pami lòt bagay, pwosè, pledwaye, santans, oswa jjiman, menm si viktim nan ap yon temwen nan pwosedi a, malgre tout règ kontrè. Y ap bay yon viktim avètisman rezonab, kòrèk, ak alè tou sou tout liberasyon oswa chape defandè a oswa delangkan an, ak tou pwosedi ki gen pou wè avèk yon dwa viktim nan.

- b. Dwa pou yo tandé li nan kèlkeswa pwosedi biblik ki gen pou wè avèk odyans preliminè oswa lòt liberasyon anba kèlkeswa kontrent jidisyè, pledwaye, santans, jijman, oswa liberasyon kondisyonèl, ak kèlkeswa pwosedi ki gen pou wè avèk yon dwa viktim nan.
- c. Dwa konsilte avoka pwosekisyon an sou tout tranzaksyon penal, patisipasyon nan pwogram andeyò sistèm jidisyè a, liberasyon, restitisyon, santans, oswa tout lòt dispozisyon pou ka a.
- d. Dwa bay moun k ap fè kèlkeswa envestigasyon anvan santans la oswa k ap rasanble kèlkeswa rapò envestigasyon anvan santans la enfòmasyon sou konsekans konduit kontrevenan an sou viktim nan ak fanmi viktim nan, epi pou yo konsidere tout enfòmasyon sa yo nan tout rekòmandasyon pou santans yo soumet bay tribal la.
- e. Dwa resevwa kopi tout rapò anvan santans, ak tout lòt rapò oswa dosye ki pétinan pou viktim nan egzèse dwa li, eksepte pòsyon ki konfidansyèl oswa lalwa egzante yo.
- f. Dwa pou yo mete li okouran kondanasyon, santans, jijman, kote ak lè anprizònman, oswa lòt dispozisyon pou kontrevenan yo rekonèt koupar la, tout dat liberasyon kontrevenan an ki planifye, ak liberasyon oswa chape kontrevenan an sòti nan detansyon.
- g. Dwa pou yo mete li okouran tout pwosesis ak pwosedi apre kondanasyon yo, pou li patisipe nan pwosesis ak pwosedi sa yo, epi pou li bay otorite liberasyon an enfòmasyon pou li konsidere anvan li pran kèlkeswa desizyon sou liberasyon an, epi pou yo mete li okouran tout desizyon sou liberasyon ki gen pou wè avèk kontrevenan an. Otorite liberasyon kondisyonèl oswa liberasyon pi bonè a dwe bay tout moun kontrevenan an te fè ditò dwa pou yo tandé li.
- h. Dwa pou yo mete li okouran pwosedi padon ak sipresyon, pou li bay gouvènè a, tribunal la, tout komite padon, ak lòt otorite nan pwosedi sa yo enfòmasyon, epi pou yo konsidere enfòmasyon sa yo anvan yo pran yon desizyon padon oswa sipresyon; epi pou yo mete li okouran alavans desizyon sa a sou kèlkeswa liberasyon kontrevenan an.

- (7) Dwa viktим nan, jan yo prevwa nan sou-paragrap (6)a., sou-paragrap (6)b., oswa sou-paragrap (6)c., ki aplike pou tout pwosedi premye konparisyon ap satisfè si òganis apwopriye a fè tantativ rezonab pou li avèti viktим nan epi kominike pwendvi viktим nan bay tribinal la.
- (8) Dwa pou yo remèt viktим nan afè li rapidman lè yo pa bezwen yo ankò kòm prèv nan ka a.
- (9) Dwa a restitisyon konplè ak san pèdi tan nan tout ka epi nan men tout kontrevenan ki kondane pou tout pèt viktим nan sibi, keseswa dirèkteman oswa endirèkteman, poutèt konduit kriminèl la.
- (10) Dwa a pwosedi san reta derezonab, epi a yon konklizyon rapid ak final sou ka a ak tout pwosedi apre jijman ki gen pou wè avèk li.
- a. Pwokirè Eta a gen dwa soumèt yon demann an bònawa pou yon pwosè rapid epi tribinal la dwe fè yon konvokasyon sou kalandriye, avèk avètisman, disi kenz jou apre soumisyon demann nan, pou planifye pou yon pwosè kòmanse nan yon dat ki nan omwen senk jou men nan swasant jou pou piplis apre dat konvokasyon sou kalandriye a sòf si jij pwosè a bay yon òdonans avèk konstatasyon fè presi ki jistifye yon dat pwosè pi lwen pase swasant jou apre konvokasyon sou kalandriye a.
- b. Tout apèl ak atak endirèk nan nivo Eta sou kèlkeswa jijman an dwe fèt disi dezan apati dat apèl la nan pwosè ki pa kapital epi disi senkan apati dat apèl la nan pwosè kapital, sòf si yon tribinal rann yon òdonans avèk konklizyon presi sou rezon ki fè tribinal la pa t kapab respekte sou-paragrap sa a epi sikostans ki koze reta a. Chak ane, jij anchèf la nan nenpòt ki tribinal dapèl distrik oswa jij anchèf tribinal siprèm nan dwe rapòte sou yon baz ka pa ka bay prezidan chanm reprezantan an ak prezidan sena a tout ka kote tribinal la te rann yon òdonans sou enkapasite respekte sou-paragrap sa a. Kò lejislatif la gen dwa pwomilge lejislasyon pou fè aplike sou-paragrap sa a.
- (11) Dwa pou li okouran dwa sa yo, epi pou li okouran viktим yo kapab chèche konsèy yon avoka nan sa ki gen pou wè avèk dwa yo. Enfòmasyon sa yo ap disponib pou publik jeneral la epi y ap bay tout viktим krim yo li sou fòm yon kat oswa lòt mwayen ki fèt pou mete viktим nan byen okouran dwa li yo selon seksyon sa a.
- (c) Viktим nan, avoka viktим nan anboche a, yon reprezantan legal viktим nan, oswa biwo pwokirè Eta a sou demann viktим nan, gen dwa revandike

epi chèche egzèsis dwa ki site nan seksyon sa a ak tout lòt dwa lalwa akòde viktim lan nan kèlkeswa tribunal premye enstans oswa kou dapèl la, oswa devan nenpòt ki otorite ki gen jiridiksyon sou ka a, sa ki se dwa yo.  
Tribinal la oswa lòt otorite ki gen jiridiksyon an dwe aji rapidman sou demann sa a, akòde yon aksyon an jistis pa aplikasyon regilye lalwa pou vyolasyon kèlkeswa dwa a. Yo dwe deklare klèman sou dosye a rezon yo pou tout desizyon sou dispozisyon pou dwa yon viktim.

(d) Yo pa dwe entèprete lefèt yo akòde viktim yo dwa ki site nan seksyon sa yo kòm yon refi oswa yon rediksyon ankenn lòt dwa viktim yo genyen. Dispozisyon yo nan seksyon sa a aplike pou tout pwosedi jistis penal ak jistis pou timoun, yo aplikab dirèkteman, epi yo pa bezwen mezi lejislatif. Yo pa dwe entèprete seksyon sa a kòmkwa li kreye ankenn kòz aksyon pou donmaj ak enterè kont ni Eta a oswa yon sibdivizyon politik Eta a, ni kèlkeswa fonksyonè, anplwaye, oswa reprezantan Eta a oswa sibdivizyon politik li yo.

(e) Jan li sèvi nan seksyon sa a, yon “viktim” se yon moun ki soufri tò fizik, sikolojik, oswa finansye dirèk oswa menas tò sa yo poutèt yon krim ki komèt oswa yon tantativ krim oswa li se moun yo komèt krim oswa zak delenkan an kont li a. Tèm “viktim” nan gen ladan reprezantan legal viktim nan, paran oswa gadyen yon minè, oswa fanmi pi pwòch yon viktim asasina, sóf si yo montre enterè moun sa a t ap an konfli toutbon oswa posib avèk enterè viktim nan. Tèm “viktim” nan pa gen ladan akize a. Tèm “krim” ak “kriminèl” yo gen ladan zak ak konduit delenkan Viktim krim yo oswa reprezantan legal yo, sa gen ladan fanmi pi pwòch yon viktim asasina, gen dwa pou yo mete yo okouran, pou yo prezan, epi pou yo tandé yo lè sa pètinan, nan tout etap esansyèl yo nan pwosedi penal, depi dwa sa yo pa jennen dwa konstitisyonèl akize a.

## ATIK 5 JIDISYÈ

**SEKSYON 8. Kalifikasyon.**—Pa gen moun k ap kalifye pou fonksyon jij jiridiksyon siperyè ni jij premye enstans nan ankenn tribunal sòf si moun nan se yon elektè Eta a epi rete nan jiridiksyon teritoryal tribunal la. Pa gen jij jiridiksyon siperyè ni jij premye enstans k ap sèvi apre li rive laj swasannkenz swasanndis lane sòf si se pou yon tach pwovizwa eswa pou fini yon tèm, si li déjà sèvi mwatye ladan. Pa gen ankenn moun ki kalifye pou fonksyon jij tribunal suprèm ni jij yon tribunal dapèl distrik sòf si moun nan se, epi te pandan dis lane ki sot pase yo, yon manm bawo Florid la. Pa gen ankenn moun ki kalifye pou fonksyon jij itineran sòf si moun nan se, epi te pandan senk lane ki sot pase yo, yon manm bawo Florid la. Sòf si lwa jeneral la prevwa yon lòt bagay, pa gen ankenn moun ki kalifye pou fonksyon jij tribunal konte sòf si moun nan se, epi te pandan senk lane ki sot pase yo, yon manm bawo Florid la. Sòf si lwa jeneral la prevwa yon lòt bagay, yon moun ap kalifye pou eleksyon oswa nominasyon pou fonksyon jij tribunal konte a nan yon konte ki gen yon popilasyon 40,000 pou piplis si moun nan se yon manm an règ bawo Florid la.

**SEKSYON 21. Entèpretasyon jidisyè lwa ak règ yo.**—Lè l ap entèprete yon lwa oswa règ Eta, yon tribunal Eta oswa yon ajan k ap tandem yon aksyon administratif konfòmeman a lwa jeneral la pa gen dwa remèt entèpretasyon lwa oswa règ sa a nan men yon òganis administratif, epi olye de sa li dwe entèprete lwa oswa règ sa a yon fwa ankò.

## ATIK 12 ORÈ

**Kalifikasyon jij jiridiksyon siperyè ak jij premye enstans yo.**—Amanman nan Seksyon 8 Atik 5 la, ki ogmante laj kote yon jij jiridiksyon siperyè oswa yon jij premye enstans pa kalifye ankò pou sèvi nan fonksyon jidisyè sòf si se pou yon tach provizwa, ap an vigè apati 1ye jiyè 2019.

**NIM. 7**  
**REVIZYON KONSTITISYONÈL**  
**ATIK 9, SEKSYON 7 AK 8**  
**ATIK 10, NOUVO SEKSYON**

**TIT BILTEN VÒT LA:**

Avantaj Sosyal pou Sivivan Premye Entèvenan ak Militè; Kolèj ak Invèsite Piblik

**REZIME BILTEN VÒT LA:**

Li kreye obligasyon pou yo peye kapital desè epi fè gras de sèten depans pou edikasyon pou sivivan kalifye sèten sekouris premye entèvansyon ak militè ki mouri pandan egzèsis fonksyon ofisyèl yo. Li egzije pou administrasyon invèsite yo ak konsèy gouvènè sistèm invèsitè Eta a vote pa majorite kalifye pou kolekte oswa enpoze tout frè ki otorize sou plan lejislatif si lalwa egzije pou kò sa yo apwouve li. Li tabli sistèm kolèj Eta ki an vigè a kòm yon antite konstitisyonèl; li bay estrikti gouvènans la.

**TÈKS KONPLÈ:**

**ATIK 9**  
**EDIKASYON**

**SEKSYON7.** Sistèm Invèsitè Eta a.—

(a) **OBJEKTIF YO.** Pou rive nan ekselans nan ansèyman etidyan yo, fè rechèch vanse epi ofri sèvis piblik pou sitwayen Florid yo, kominote yo ak ekonomi yo, pèp la tabli gras a dokiman sa a yon sistèm gouvènans pou sistèm invèsitè Eta Florid la.

(b) **SISTÈM INVÈSITÈ ETA A.** Ap gen yon sèl sistèm invèsitè Eta ki gen ladan tout invèsite piblik yo. Gen yon konsèy administrasyon k ap administre chak invèsite piblik ak yon konsèy gouvènè k ap gouvène sistèm invèsitè Eta a.

(c) **KONSÈY ADMINISTRASYON LOKAL LA.** Se yon konsèy administrasyon ki gen ladan trèz manm ki devwe a objektif sistèm invèsitè Eta a k ap administre chak invèsite lokal ki fè pati sistèm nan. Konsèy gouvènè a ap tabli pouvwa ak devwa konsèy administrasyon yo. Chak konsèy administrasyon ap gen ladan sis manm sitwayen gouvènè a

nonmen ak senk manm sitwayen ke konsèy gouvènè a nonmen. Sena a dwe konfime manm yo nonmen yo epi yo dwe sèvi manda echlone senk lane jan lalwa prevwa li a. Prezidan sena inivèsite a, oswa ekivalan li, ak prezidan kò etidyan inivèsite a dwe manm tou.

(d) KONSEY GOUVÈNÈ POU TOUT ETA A. Konsèy gouvènè a ap yon pèsòn moral ki gen ladan disèt manm. Konsèy la ap dirije, règlemente, kontwole, epi gen responsabilite total jesyon tout sistèm inivèsité a. Pami responsabilite sa yo ap genyen, definisyon misyon patikilye chak inivèsite ki fè pati sistèm nan ak atikilasyon li avèk lekòl publik gratis ak kolèj kominotè yo, pou garanti kowòdinasyon ak fonksyònman byen planifye sistèm nan, epi evite gaspiyaj nan etablisman oswa pwogram parèy. Jesyon konsèy la ap sijè a pouvwa kò lejislatif la pou li atribye depans fon yo, epi konsèy la dwe rann kont depans sa yo jan lalwa prevwa li. Gouvènè a ap nonmen pou konsèy la katòz sitwayen k ap devwe a objektif sistèm inivèsité Eta a. Sena a dwe konfime manm yo nonmen yo epi yo dwe sèvi manda echlone sèt lane jan lalwa prevwa li. Komisyonè edikasyon an, prezidan konsèy konsiltatif sena inivèsite yo, oswa ekivalan li, ak prezidan asosyasyon etidyan Florid la, oswa ekivalan li, dwe manm nan konsèy la tou.

(e) FRÈ. Tout pwopozisyon oswa aksyon yon inivèsite ki fè pati sistèm nan pou ogmante, enpoze, oswa otorize kèlkeswa frè a, jan lalwa otorize li, dwe gen apwobasyon omwen nèf vòt afimatif manm konsèy administrasyon inivèsite sa a, si lwa jeneral la egzije apwobasyon konsèy administrasyon an, epi omwen douz vòt afimatif manm konsèy gouvènè a, si lwa jeneral la egzije apwobasyon konsèy gouvènè a, pou li antre an vigè. Yon frè nan sou-paragrapf sa a p ap gen ladan ekolaj.

## SEKSYON 8. Sistèm Kolèj Eta a.—

- (a) OBJEKTIF YO. Pou rive nan ekselans epi pou ofri etidyan yo nan Eta sa a aksè a ansèyman premye sik; kreye pakou atikile ki mennen nan diplòm lisans; garanti yon angajman siperyè nan ansèyman ak aprantisaj; epi reyaji rapidman ak yon fason efikas pou reponn egzijans kominate yo gras a aliyman pwogram sètifikasi ak diplòm yo avèk bezwen mendèv loka lak rejyonal yo, pèp la nan dokiman sa a tabli yon sistèm gouvènans pou sistèm kolèj Eta Florid la.
- (b) SISTÈM KOLÈJ ETA A. Ap gen yon sèl sistèm kolèj Eta ki gen ladan tout kolèj kominotè ak Eta publik yo. Se yon konsèy administrasyon lokal k ap gouvène chak enstitisyon sistèm kolèj Eta a epi asanble edikasyon Eta a ap sipèvize sistèm kolèj Eta a.
- (c) KONSÈY ADMINISTRASYON LOKAL LA. Se yon konsèy administrasyon lokal ki devwe a objektif sistèm kolèj Eta a k ap gouvène chak enstitisyon sistèm kolèj Eta a. Yon manm konsèy administrasyon dwe yon rezidan nan zòn sèvis kolèj la. Se lalwa k ap prevwa pouvwa ak devwa konsèy administrasyon yo. Gouvènè a ap nonmen chak manm pou yon manda echlone 4 lane, sijè a konfirmasyon sena a.
- (d) WÒL ASANBLE EDIKASYON ETA A. Asanble edikasyon Eta a ap sipèvize sistèm kolèj Eta a jan lalwa prevwa li.

## ATIK 10

### DIVÈS

Kapital desè pou sivivan sekouris premye entèvansyon ak militè.—

- (a) Òganis anplwayè a dwe peye yon kapital desè lè yon ponpye; yon paramedikal; yon teknisyen ijans medikal; yon polisye, yon gadyen prizon, oswa yon ajan pwobasyon; oswa yon manm Gad Nasyonal Florid la, pandan I ap egzèse devwa ofisyèl li:

- (1) Mouri pa aksidan oswa resevwa pa aksidan blesi kòporèl ki lakòz moun nan pèdi lavi li, depi lanmò sa a pa poutèt li touye tèt li epi li pa t fè ekspre bay tèt li blesi kòporèl sa a; oswa
- (2) Yo touye li ekspre yon fason ilegal oswa li mouri poutèt zak ekspre ilegal sa a oswa li yo touye li pandan sèvis aktif.
- (b) Y ap peye yon kapital desè nan fon ki sòti nan resèt jeneral yo lè yon manm an sèvis aktif Fòs Ame Etazini yo:
- (1) Mouri pa aksidan oswa resevwa pa aksidan blesi kòporèl ki lakòz moun nan pèdi lavi li, depi lanmò sa a pa poutèt li touye tèt li epi li pa t fè ekspre bay tèt li blesi kòporèl sa a; oswa
- (2) Yo touye li ekspre yon fason ilegal oswa li mouri poutèt zak ekspre ilegal sa a oswa li yo touye li pandan sèvis aktif.
- (c) Si yon ponpye; yon paramedikal; yon teknisyen ijans medikal; yon polisye, yon gadyen prizon, oswa yon ajan pwobasyon; oswa yon manm an sèvis aktif Gad Nasyonal Florid la oswa Fòs Ame Etazini yo mouri pa aksidan jan sa presize nan paragraf (a)(1) ak (b)(1) yo, oswa yo touye li ekspre yon fason ilegal jan sa presize nan paragraf (a)(2) ak (b)(2) yo, Eta a dwe fè gras de sèten depans pou edikasyon ke pitit oswa mari/madanm sekouris premye entèvansyon ki mouri a ta dwe peye pandan l ap etidye pou resevwa yon sètifikasi pwofesyonèl, yon edikasyon premye sik inivèsité, oswa yon edikasyon ansèyman siperyè.
- (d) Yon sekouris premye entèvansyon ki kalifye dwe t ap travay pou Eta Florid oswa nenpòt nan sibdivizyon politik oswa òganis li yo nan moman lanmò li. Yon militè ki kalifye dwe te yon rezidan Eta sa a oswa pòs sèvis li dwe te nan Eta sa a nan moman lanmò li.
- (e) Kò lejislatif la dwe fè aplike seksyon sa a pa lwa jeneral.
- (f) Seksyon sa a ap an vigè apati 1ye jiye 2019.

Nòt: Sou lòd Tribunal Siprèm Florid la, yo retire Revizyon Nim. 8 nan bilten vòt la

**NIM. 8  
REVIZYON KONSTITISYONÈL  
ATIK 9, SEKSYON 4, NOUVO SEKSYON  
ATIK 12, NOUVO SEKSYON**

**TIT BILTEN VÒT LA:**

Limit Manda ak Devwa Asanble Edikasyon an; Lekòl Piblik

**REZIME BILTEN VÒT LA:**

Li kreye yon limit manda wit lane konsekitif pou manm yo nan asanble edikasyon an epi li egzije pou kò lejislatif la prevwa pwomisyon edikasyon sivik nan lekòl piblik yo. Kounye a, asanble edikasyon distrik yo gen devwa konstitisyonèl pou fè fonksyone, kontwole, epi sipèvize tout lekòl piblik yo. Amannman an kenbe devwa yon asanble edikasyon genyen anvè lekòl piblik li tabli yo, men li otorize eta a pou li administre, kontwole, epi sipèvize lekòl piblik asanble edikasyon an pa tabli yo.

**TÈKS KONPLÈ:**

**ATIK 9  
EDIKASYON**

SEKSYON 4. Distrik eskolè; asanble edikasyon.—

(a) Chak konte dwe konstiyte yon distrik eskolè; depi, omwen de (2) konte vwazen, sou vòt elektè yo nan chak konte konfòmeman a lalwa, gen dwa konbine an yon sèl distrik eskolè. Nan chak distrik eskolè dwe gen yon asanble edikasyon ki gen ladan omwen senk manm yo chwazi pa vòt elektè yo nan yon eleksyon san pati politik pou manda katran ki echlone kòmsadwa, jan lalwa prevwa li. Yon moun pa gen dwa parèt sou bilten vòt la pou yo re-eli l pou fonksyon nan asanble edikasyon an si, disi fen manda li kounyeya nan fonksyon an, moun nan t ap sèvi, oswa si li pa t demisyone li t ap sèvi, nan fonksyon sa a depi wit lane konsekitif.

(b) Asanble edikasyon an ap administre, kontwole, ak sipèvize tout lekòl publik ke asanble edikasyon distrik la tabli yo andedan distrik eskolè a epi l ap detèmine to enpo distrik eskolè a andedan limit ki preskri isit la. Omwen de (2) distrik eskolè gen dwa administre ak finanse pwogram edikatif komen.

SEKSYON. Edikasyon sivik.— Kòm edikasyon se yon bagay ki esansyèl pou pwoteksyon dwa ak libète moun, kò lejislatif la dwe prevwa pa lwa pwomosyon edikasyon sivik pou garanti elèv yo ki enskri nan edikasyon publik konprann epi pare pou egzèse dwa ak responsabilite yo kòm sitwayen yon republik konstitisyonèl.

## ATIK 12

### ORÈ

Limitasyon sou manda fonksyon manm yo nan yon asanble edikasyon distrik.- Seksyon sa a ak amannman an nan Seksyon 4 Atik 9 la ki enpoze limit sou manda pou manda nan fonksyon manm yo nan yon asanble edikasyon distrik ap an vigè nan dat elektora a apwouve li, men pa gen sèvis nan yon manda fonksyon ki te kòmanse anvan 6 novanm 2018, k ap konte nan limitasyon amannman sa a enpoze a.

Nòt: Sou lòd Tribunal Siprèm Florid la, yo retire Revizyon Nim. 8 nan bilten vòt la

**NIM. 9**  
**REVIZYON KONSTITISYONÈL**  
**ATIK 2, SEKSYON 7**  
**ATIK 10, SEKSYON 20**

**TIT BILTEN VÒT LA:**

Li Entèdi Foraj pou Petwòl ak Gaz nan Lanmè; Li Entèdi Fimen Sigarèt Elektwonik nan Lye Travay Enteryè Fèmen

**REZIME BILTEN VÒT LA:**

Li entèdi foraj pou eksplor oswa pou rale petwòl ak gaz natirèl anba tout dlo ki se pwopriyete Eta a ant nivo mwayen dlo wo yo ak lizyè territorial Eta a ki pi elwaye yo. Li ajoute itilizasyon aparèy elektwonik ki bay vapè nan entèdiksyon ki an vigè a sou fimen tabak nan lye travay enteryè fèmen avèk eksepsyon; li otorize òdonans lokal ki mete plis restriksyon sou vapè.

**TÈKS KONPLÈ:**

**ATIK 2**

**DISPOZISYON JENERAL**

SEKSYON 7. Resous natirèl ak bote peyizaj.—

(a) Sa dwe politik Eta a pou li konsève ak pwoteje resous natirèl li yo ak bote peyizaj li. Yo dwe pran dispozisyon adekwat pa lwa pou rediksyon polisyon lè ak dlo ak bwi eksesif ak initil epi pou konsèvasyon ak pwoteksyon resous natirèl yo.

(b) Moun ki nan Zòn Agrikòl Everglades la ki koze polisyon dlo andedan Zòn Pwoteksyon Everglades la oswa Zòn Agrikòl Everglades la ap prensipalman responsab peye kou rediksyon polisyon sa a. Pou paragraf sa a, tèm “Zòn Pwoteksyon Everglades” ak “Zòn Agrikòl Everglades” yo ap gen sans jan yo defini nan lwa ki an vigè depi 1ye janvye 1996.

(c) Pou pwoteje moun Florid yo ak anviwònman yo, foraj pou eksplor oswa pou rale petwòl oswa gaz natirèl entèdi sou tè ki anba tout dlo Eta a ki pa izole epi ki chita ant nivo mwayen dlo wo yo ak lizyè lanmè territorial Eta a ki pi elwaye yo. Entèdiksyon sa a pa aplike pou transpò pwodui petrolye ak gaz yo pwodui andeyò dlo sa yo. Paragraf sa a aplikab dirèkteman.

## ATIK 10

### DIVÈS

SEKSYON 20. Lye travay san lafimen tabak ni vapè.—

(a) ENTÈDIKSYON. Kòm yon inisyativ sante Florid pou pwoteje moun kont danje pou lasante ki genyen nan lafimen lòt moun ki fimen tabak ak vapè, fimen tabak ak itilizasyon aparèy elektwonik ki bay vapè se de yon bagay ki entèdi nan lye travay enteryè fèmen. Seksyon sa a pa ekskli adopsyon òdonans ki enpoze règlemantasyon ki mete plis restriksyon sou itilizasyon aparèy elektwonik ki bay vapè pase sa ki prevwa nan seksyon sa a.

(b) EKSEPSYON. Jan sa eksplike pi an detay nan definisyon ki pi ba yo, fimen tabak ak itilizasyon aparèy elektwonik ki bay vapè gen dwa otorize nan rezidans prive depi rezidans sa yo pa sèvi komèsyalman pou ofri gadri pou timoun, gadri pou granmoun, oswa swen sante, oswa yon konbinezon bagay sa yo; epi yo gen dwa otorize tou nan boutik tabak, nan magazen ki vann aparèy elektwonik ki bay vapè, nan chanm kote fimen otorize nan otèl ak lòt etablisman lojman publik; ak nan kafe izole. Sepandan, pa gen anyen nan seksyon sa a oswa nan Iwa oswa règleman ki pou aplike li yo k ap entèdi pwopriyetè a, lokatè a, oswa yon lòt moun ki gen kontwòl itilizasyon yon lye travay enteryè fèmen pou li entèdi oswa limite fimen oswa itilizasyon aparèy elektwonik ki bay vapè nan kote sa a.

(c) DEFINISYON. Nan kad seksyon sa a, mo ak tèm ki annapre yo ap gen sans ki deklare yo:

(1) "Fimen" vle di rale, soufle, boule, pote oswa posede nenpòt ki pwodui tabak ki limen, sa gen ladan sigarèt, siga, tabak pou pip, ak nenpòt ki lòt pwodui tabak ki limen.

(2) "Lafimen lòt moun," ke yo rele tou lafimen tabak nan anviwònman an (environmental tobacco smoke, ETS), vle di lafimen ki sòti nan tabak ki limen, ki pokò fin etenn, oswa k ap boule lè fimè a p ap rale; lafimen ki sòti nan pyès pou bouch la pandan y ap rale nyaj; epi lafimen fimè a soufle.

(3) "Travay" vle di tout moun ki ofri kèlkeswa anplwa a oswa yon sèvis tip anplwa pou oswa sou demann yon lòt moun oswa lòt moun oswa nenpòt ki antite publik oswa prive, ke se pou salè oswa pa pou salè, ke se a plentan oswa a tan pasyèl, keseswa legalman oswa pa legalman.

"Travay" gen ladan, san limitasyon, nenpòt nan sèvis yon anplwaye, yon antreprenè endepandan, yon reprezantan, yon patnè, yon pwopriyetè, yon manadjè, yon kad, yon direktè, yon apranti, yon estajyè, yon asosye, yon sèvitè, yon benevòl, elatriye, pote.

(4) "Lye travay enteryè fèmen" vle di tout kote omwen yon moun ap travay, epi kote sa a prèske oswa totalman bare sou tout bò ak pa anlè avèk baryè fizik, san konsidere si baryè sa yo se oswa gen ladan yo ouvèti ki pa kouvri, ouvèti ki griyaje oswa pasyèlman kouvri yon lòt jan; oswa fenèt, jalouzi, pòt, elatriye, ki ouvè oswa fèmen. Seksyon sa a aplike pou tout lye travay enteryè fèmen sa yo san konsidere si gen travay k ap fèt kèlkeswa lè a.

(5) Itilizasyon "komèsyal" yon rezidans prive vle di nenpòt ki lè kote pwopriyetè a, lokatè a, oswa yon lòt moun ki okipe oswa k ap kontwole itilizasyon rezidans prive a ap fè nan rezidans prive a, oswa koze oswa otorize yo fè nan rezidans prive a, gadri pou timoun, gadri pou granmoun, oswa swen sante, oswa nenpòt ki konbinezon bagay sa yo, epi l ap resevwa oswa li atann aske l ap resevwa peman pou sa.

(6) "Boutik tabak" vle di yon lye travay enteryè fèmen ki konsakre oswa ki sitou pou vant an detay tabak, pwodui tabak, ak akseswa pou pwodui sa yo, kote vant lòt pwodui oswa sèvis se bagay segondè.

(7) "Chanm kote fimen otorize nan etablisman lojman publik" vle di chanm pou dòmi yo ak zòn prive ki asosye dirèkteman avèk yo, tankou paregzanp saldeben, salon, ak kizin, si genyen, ke yo lwe kliyan yo pou yon sejou pwovizwa eksklizif nan etablisman lojman publik tankou paregzanp otèl, motèl, kondominyòm plezans, apatman pwovizwa, etablisman lojman pwovizwa, chanm nan kay, pansyon, lojman plezans, demi-pansyon, elatriye; epi moun nan oswa moun yo ki gen otorite jesyon sou etablisman lojman publik sa yo deziyen yo kòm chanm kote fimen otorize.

(8) "Kafe izole" vle di yon etablisman komèsyal ki konsakre pandan kèlkeswa lè li ouvè a sitou oswa totalman a sèvi bwason alkolik, oswa bwason ki fè moun sou, oswa nenpòt ki konbinezon yo, pou konsomasyon nan lokal ki gen pèmi an; kote sèvis manje, si genyen, se yon bagay segondè pa rapò a konsomasyon bwason sa yo; epi ki pa chita andedan, epi ki pa gen antre komen ni zòn enteryè komen avèk, ankenn lye travay enteryè sa gen ladan tout biznis kote vant manje oswa kèlkeswa lòt pwodui oswa sèvis la plis pase yon sous segondè revni brit.

(9) "Aparèy elektwonik ki bay vapè" vle di yon pwodui ki sèvi avèk mwayeren elektwonik, chimik, oswa mekanik ki kapab pwodui vapè oswa ayewosòl apati yon pwodui a baz nikotin oswa nenpòt ki lòt sibstans, tankou, pamì lòt, sigarèt elektwonik, siga elektwonik, cigarillo elektwonik, pip elektwonik, oswa lòt aparèy oswa pwodui konsa, katouch rechanj pou aparèy sa a, ak nenpòt ki lòt vesò solisyon oswa lòt sibstans ki fèt pou sèvi avèk oswa andedan yon sigarèt elektwonik, siga elektwonik, cigarillo elektwonik, pip elektwonik, oswa lòt aparèy oswa pwodui konsa.

(10) "Magazen ki vann aparèy elektwonik ki bay vapè" vle di yon lye travay enteryè fèmen ki konsakre a oswa fè sitou vant an detay aparèy elektwonik ki bay vapè ak konpozan, pyès, ak akseswa pou pwodui sa yo, kote vant lòt pwodui oswa sèvis se yon bagay segondè.

(d) LEJISLASYON. Nan pwochen sesyon lejislatif òdinè k ap fèt lè votè yo fin apwouve seksyon sa a oswa nenpòt ki amannman nan seksyon amannman sa a, kò lejislatif Florid la dwe adopte lejislasyon pou fè aplike seksyon sa a ak nenpòt ki amannman nan seksyon amannman sa a yon fason ki ale avèk objektif jeneral li ak tèm deklare li yo, epi k ap antre an vigè pa pi ta pase 1ye jiyyè ane ki vini apre apwobasyon votè yo.

Lejislasyon sa a dwe gen ladan, san limitasyon, sanksyon sivil pou vyolasyon seksyon sa a; dispozisyon pou aplikasyon administratif; ak egzijans ak otorizasyon règ òganis yo pou mizannèv ak aplikasyon.

Seksyon sa a pa Pa-gen anyen isit la ki ekskli pou kò lejislatif la pwomilge lwa ki konstitye oswa otorize yon règleman ki mete plis restriksyon sou fimen tabak oswa utilizasyon aparèy elektwonik ki bay vapè pase sa ki prevwa nan seksyon sa a.

**NIM. 10**  
**REVIZYON KONSTITISYONÈL**  
**ATIK 3, SEKSYON 3**  
**ATIK 4, SEKSYON 4 AK 11**  
**ATIK 8, SEKSYON 1 AK 6**

**TIT BILTEN VÒT LA:**

Estrikti ak Fonksyònman Gouvènman Eta ak Lokal la

**REZIME BILTEN VÒT LA:**

Li egzije pou kò lejislatif la kenbe depatman zafè veteran an. Li garanti elekson chèf seksyon, evalyatè pwopriyete, sipèvizè eleksyon, pèseptè, ak grefye tribunal nan tout konte yo; li retire kapasite konstitisyon konte yo pou yo aboli, chanje manda, transfere fonksyon, oswa elimine eleksyon pou pòs sa yo. Li chanje dat kòmansman sesyon lejislatif ànyèl la pandan ane chif pè yo sòti an mas pou vin an janvye; li retire otorizasyon kò lejislatif la pou li fikse yon lòt dat. Li kreye biwo sekirite enteryè ak antiteworis la ki fè pati depatman enteryè a.

**TÈKS KONPLÈ:**

**ATIK 3**  
**KÒ LEJISLATIF**

SEKSYON 3. Sesyon kò lejislatif la.—

- (a) SESYON SOU ÒGANIZASYON. Nan katòzyèm jou a apre chak elekson jeneral kò lejislatif la dwe reyini nan objektif eksklizif òganizasyon ak seleksyon fonksyonè.
- (b) SESYON ÒDINÈ. Yon sesyon òdinè kò lejislatif la dwe reyini nan premye madi apre premye lendi an nan mwadmas chak ane chif enpè, epi nan dezyèm premye madi apre premye lendi an nan mwa janvye ~~mwadmas, oswa yon lòt dat la~~ ~~la~~ ~~wa~~ ~~gen dwa fikse,~~ nan chak ane chif pè.
- (c) SESYON ESPESYAL.
- (1) Gouvènè a, pa pwoklamasyon ki deklare objektif la, gen dwa reyini kò lejislatif la nan sesyon espesyal kote se sèlman zafè lijislatif sa yo ki gen dwa regle poutèt yo nan chan aplikasyon pwoklamasyon an, oswa yon

kominikasyon gouvènè a, oswa yo entwodui pa konsantman de-tyè manm yo nan chak chanm.

(2) Yo gen dwa reyini yon sesyon espesyal kò lejislatif la jan lalwa prevwa li.

(d) DIRE SESYON YO. Yon sesyon òdinè kò lejislatif la pa dwe depase swasant jou konsekitif, epi yon sesyon espesyal pa dwe depase ven jou konsekitif, sòf si yo pwolonje li depase limit sa a pa yon vòt twa sou senk chak chanm. Pandan pwolongasyon sa a yo pa dwe antreprann ankenn nouvo zafè nan ankenn nan chanm yo san konsantman de-tyè manm li yo.

(e) AJOUNMAN. Ankenn nan chanm yo pa dwe ajoune pou plis pase swasanndouz èdtan konsekitif eksepte konfòmeman a rezolisyón paralèl.

(f) AJOUNMAN GOUVÈNÈ A FÈ. Si, pandan kèleswa sesyon òdinè oswa espesyal la, de (2) chanm yo pa kapab dakò sou yon lè pou ajounman, gouvènè a gen dwa ajoune sesyon an endefiniman oswa pou nenpòt ki dat ki nan peryòd ki otorize pou sesyon sa a; depi, omwen vennkatrèdtan anvan li ajoune sesyon an, epi pandan ankenn nan chanm yo pa an sispansyon odyans, chak chanm resevwa avi ekri fòmèl sou lentansyon gouvènè a pou li fè sa, epi akò toude chanm yo fè pandan peryòd sa a sou yon lè pou ajounman an ap domine.

#### ATIK 4 EGZEKITIF

#### SEKSYON 4. Kabinè.—

(a) Dwe gen yon kabinè ki gen ladan yon pwokirè jeneral, yon direktè finansye, ak yon komisyonè agrikilti. Anplis pouvwa ak devwa ki presize isit la, y ap egzèse pouvwa ak devwa lalwa preskri yo. Nan ka egalite vwa gouvènè a ak kabinè a, y ap jije se bò gouvènè a vote pou li a ki genyen.

(b) Pwokirè jeneral la ap konseye jiridik anchèf Eta a. Yo kreye nan biwo pwokirè jeneral la pòs pwokirè Eta a. Pwokirè Eta a ap gen jiridiksyon konkiran avèk pwokirè Eta yo nan pousuit vyolasyon lwa penal yo komèt oswa yo te komèt, nan omwen de (2) sikwi jidisyè nan kad yon tranzaksyon ki gen rapò, oswa lè enfrakson sa a touche oswa te touche omwen de (2) sikwi jidisyè jan lwa jeneral la prevwa li. Se pwokirè jeneral

la k ap nonmen pwokirè Eta a pami omwen twa moun ke komisyon nominasyon jidisye a pwopoze, oswa jan lwa jeneral la prevwa li otreman.

(c) Direktè finansye a ap sèvi kòm direktè fiskal Eta a, epi li dwe regle epi apwouve kont Eta a, epi li dwe kenbe tout fon ak tit Eta a.

(d) Komisyonè agrikilti a ap gen sipèvizon sou zafè ki gen pou wè avèk agrikilti eksepte si lalwa prevwa yon lòt bagay.

(e) Gouvènè a kòm prezidan, direktè finansye a, ak pwokirè jeneral la ap konstitye konsèy administrasyon Eta a, k ap erite pouvwa, kontwòl, ak otorite konsèy administrasyon Eta a ki te tabli konfòmeman a Atik 9, Seksyon 16 Konstitisyon 1885 la, epi k ap kontinye kòm yon òganis omwen pou lavi Atik 12, Seksyon 9(c).

(f) Gouvènè a kòm prezidan, direktè finansye a, pwokirè jeneral la, ak komisyonè agrikilti a ap konstitye administratè fon fidisyè pou amelyorasyon entèn nan ak fon fidisyè pou acha tè a jan lalwa prevwa li.

(g) Gouvènè a kòm prezidan, direktè finansye a, pwokirè jeneral la, ak komisyonè agrikilti a ap konstitye òganis ki nan tèt Depatman Enteryè a.

Yo kreye Biwo Sekirite Enteryè ak Antiteworis la andedan Depatman Enteryè a. Biwo Sekirite Enteryè ak Antiteworis la ap ofri soutyen pou pwokirè yo ak òganis fòs de lòd federal, Eta, ak lokal yo k ap envestige oswa analize enfòmasyon ki gen pou wè avèk tantativ zak teworis oswa ki pou suiv teworis, epi l ap egzèse tout lòt devwa lalwa prevwa.

**SEKSYON 11. Depatman Zafè Veteran**—Kò lejislatif la, pa lwa jeneral, dwe prevwa yon gen dwa prevwa etablisman Depatman Zafè **Veteran** an epi preskri devwa li yo. Chèf depatman an se gouvènè a ak kabinè a.

## ATIK 8 GOUVÈNMAN LOKAL

### SEKSYON 1. Konte.—

- (a) SIBDIVIZYON POLITIK. Eta a ap divize dapre lalwa an sibdivizyon politik ki rele konte. Lalwa gen dwa kreye, aboli oswa chanje konte yo, avèk dispozisyon pou peman oswa separasyon dèt publik la.
- (b) FON KONTE. Se lwa jeneral la k ap prevwa kontwòl, responsabilite ak metòd pou debouse fon konte yo.
- (c) GOUVÈNMAN. Konfòmeman a lwa jeneral la oswa a yon lwa espesyal, yo gen dwa tabli gouvènman yon konte pa yon konstitisyon y ap adopte, amande oswa revoke sèlman pa vòt elektè yo nan konte a nan yon elekson espesyal y ap òganize nan objektif sa a.
- (d) FONKSYONÉ KONTE. Elektè yo nan chak konte ap eli, pou manda kat lane, yon cherif, yon pèseptè, yon evalyatè pwopriyete, yon sipèvizè elekson, ak yon grefye tribunal itineran an; eksepte, lè konstitisyon konte a oswa yon lwa espesyal ki apwouve pa vòt elektè konte a prevwa sa, yo gen dwa chwazi nonpòt ki fonksyonè konte yon lòt jan passe sa ki presize isit la, oswa yo gen dwa aboli nonpòt ki fonksyon nan konte a lè tout devwa fonksyon an ke lwa jeneral la preskri transfere nan yon lòt fonksyon. Sòf si Lè konstitisyon konte a oswa yon lwa espesyal ki apwouve pa vòt elektè yo oswa konfòmeman a Atik 5, seksyon 16, pa prevwa sa otreman, grefye tribunal itineran an ap grefye dofis asanble komisyonè konte a, oditè, redaktè kontrandi ak gadyen tout fon konte a. Malgre paragrap 6(e) atik sa a, konstitisyon yon konte pa gen dwa aboli fonksyon ni yon cherif, ni yon pèseptè, ni yon evalyatè pwopriyete, ni yon sipèvizè elekson, ni yon grefye tribunal itineran; ni transfere devwa fonksyonè sa a bay yon lòt fonksyonè oswa fonksyon; ni chanje dire manda kat lane fonksyon an; ni tabli kèlkeswa kalite seleksyon an apa pa elekson avèk elektè konte a.

(e) KOMISYONÈ. Eksepte lè konstitisyon konte a prevwa yon lòt bagay, òganis k ap dirije chak konte se ap yon asanble komisyonè konte ki gen ladan senk oswa sèt manm k ap sèvi manda echlone kat lane. Apre chak resansman ki fèt chak dis lane asanble komisyonè konte a ap divize konte a an distrik teritwa vwazen ki lepli egal posib an popilasyon. Y ap eli yon komisyonè ki rete nan chak distrik jan lalwa prevwa li.

(f) GOUVÈNMAN SAN KONSTITISYON. Konte ki p ap fonksyone selon konstitisyon konte yo dwe gen pouvwa otonomi gouvènmantal lwa jeneral la oswa yon lwa espesyal prevwa. Asanble komisyonè yon konte ki p ap fonksyone selon yon konstitisyon gen dwa pwomilge, yon jan lwa jeneral la preskri, òdonans konte ki pa ale alankont lwa jeneral la oswa yon lwa espesyal, men yon òdonans ki an konfli avèk yon òdonans minisipal p ap an vigè andedan minisipalite a nan kad konfli sa a.

(g) GOUVÈNMAN KI GEN KONSTITISYON. Konte k ap fonksyone selon konstitisyon konte yo ap gen tout pouvwa otonomi gouvènman ki pa ale alankont lwa jeneral la, oswa yon lwa espesyal ki apwouve pa vòt elektè yo. Òganis k ap dirije yon konte k ap fonksyone selon yon konstitisyon gen dwa pwomilge òdonans konte ki pa ale alankont lwa jeneral la. Konstitisyon an ap prevwa kilès k ap domine nan ka konfli ant òdonans konte ak minisipal.

(h) TAKS; LIMITASYON. Pwopriyete ki chita andedan minisipalite yo pa dwe sijè a taksasyon pou sèvis konte a rann sèlman pou pwopriyete oswa rezidan ki nan zòn ki pa konstitye minisipalite yo.

(i) ÒDONANS KONTE. Yo dwe soumèt chak òdonans konte kot gadyen dosye Eta a epi li dwe vin an vigè apre sa nan lè lwa jeneral la prevwa a.

(j) VYOLASYON ÒDONANS. Yo dwe pouswiv epi pini moun ki vyole òdonans konte jan lalwa prevwa li.

(k) SYÈJ KONTE. Nan chak konte dwe gen yon syèj konte kote biwo prensipal yo ak dosye pèmanan tout fonksyonè konte yo chita. Yo pa gen dwa deplase syèj konte a eksepte jan lwa jeneral la prevwa li. Yo gen dwa tabli biwo sikisal pou mennen zafè konte a lòt kote nan konte a pa rezolisyon òganis k ap dirije konte a jan lalwa preskri li. Yo p ap jije ankenn ak kòmkwa li anrejistre toutotan yo pa soumèt li nan syèj konte a,

oswa nan yon biwo sikisal òganis k ap dirije konte a deziyen pou anrejistreman ak, dapre lalwa.

#### SEKSYON 6. Orè Atik 8.—

(a) Atik sa a ap ranplase totalite Atik 8 la nan Konstitisyon 1885 la, jan li amande a, eksepte pou seksyon sa yo ke yo kenbe klèman yo epi ki vin fè pati atik sa a pa referans.

(b) KONTE; SYÈJ KONTE; MINISIPALITE; DISTRIK. Yo rekonèt estati bagay ki annapre yo jan yo egziste nan dat atik sa a vin an vigè a epi I ap kontinye jiskaske li chanje konfòmeman a lalwa: konte yo nan Eta a; estati yo nan sa ki gen pou wè avèk legalite vant bwason alkolik, diven ak byè; metòd seleksyon fonsksyonè konte yo; jan fonksyonè konte yo egzèse fonksyon minisipal yo; syèj konte a; ak minisipalite ak distrik espesyal Eta a, pouvwa yo, jiridiksyon yo ak gouvènman yo.

(c) FONSKYONÈ YO DWE KONTINYE NAN FONKSYON YO. Tout moun ki an fonksyon lè atik sa a vin an vigè dwe rete nan fonksyon li pou rès manda a si yo pa aboli fonksyon sa a. Si yo aboli fonksyon an y ap peye fonksyonè a yon konpansasyon adekwat, ke lalwa ap fikse, poutèt pèt salè rès manda a.

(d) ÔDONANS. Yo gen dwa amande oswa revoke lwa lokal yo ki gen pou wè sèlman avèk zòn ki pa konstitye minisipalite yo nan yon konte nan dat atik sa a vin an vigè pa ôdonans konte.

(e) FIZYON AK OTONOMI. Atik 8, Seksyon 9, 10, 11 ak 24, nan Konstitisyon 1885 la, jan li amande, dwe rete an vigè nèt pou chak konte ki touche, kòm si yo pa t adopte atik sa a, jiskaske konte a adopte klèman yon konstitisyon oswa plan otonomi konfòmeman a atik sa a. Tout dispozisyon ki nan Konstitisyon pou Otonomi Rejyon Metropolis Konte Dade la (Metropolitan Dade County Home Rule Charter), ke elektè Konte Dade yo adopte jiskaprezan oswa apre sa konfòmeman a Atik 8, Seksyon 11, nan Konstitisyon 1885 la, jan li amande a, ap valid, epi tout amannman nan konstitisyon sa a ap valid; depi dispozisyon sa yo nan konstitisyon an ak amannman ki asosye avèk li yo otorize selon Atik 8 ki mansyone a, Seksyon 11, nan Konstitisyon 1885 la, jan li amande a.

(f) KONTE DADE; POUVWA YO AKÒDE MINISIPALITE YO. Nan mezi sa pa ale alankont ni pouvwa minisipalite ki genyen yo ni lwa jeneral la, Gouvènman Metropoliten Konte Dade la gen dwa egzèse tout pouvwa lwa jeneral la akòde minisipalite yo kounyeya oswa apre sa.

(g) SELEKSYON AK DEVWA FONKSYONÈ KONTE YO.—

(1) Eksepte jan sa prevwa nan paragraf sa a, amannman nan Seksyon 1 atik sa a, ki gen pou wè avèk seleksyon ak devwa fonksyonè konte yo, ap an vigè apati 5 janvye 2021, men l ap gouvène nan sa ki gen pou wè avèk kalifikasyon pou eleksyon primè ak jeneral yo ak òganizasyon eleksyon yo pou fonksyonè konstitisyonèl konte yo an 2020.

(2) Pou Konte Miami-Dade ak Konte Broward, amannman nan Seksyon 1 atik sa a, ki gen pou wè avèk seleksyon ak devwa fonksyonè konte yo, ap an vigè apati 7 janvye 2025, men l ap gouvène nan sa ki gen pou wè avèk kalifikasyon pou eleksyon primè ak jeneral yo ak òganizasyon eleksyon yo pou fonksyonè konstitisyonèl konte yo an 2024.

(h)(g) ELIMINASYON ORÈ PERIME. Kò lejislatif la ap gen pouvwa, pa rezolisyon konjwen, pou li elimine nan atik sa a tout paragraf nan Seksyon 6 sa a, sa gen ladan paragraf sila a, lè tout evènman ke paragraf y ap elimine a aplikab oswa ta kapab vin aplikab pou yo rive deja. Yon detèminasyon fè lejislatif ki fèt kòm baz aplikasyon paragraf sa a ap sijè a revizyon jidisyè.

**NIM. 11  
REVIZYON KONSTITISYONÈL  
ATIK 1, SEKSYON 2  
ATIK 10, SEKSYON 9 AK 19**

**TIT BILTEN VÒT LA:**

Dwa Pwopriyete; Retrè Dispozisyon Demode; Lwa Penal

**REZIME BILTEN VÒT LA:**

Li retire langaj diskriminatwa ki gen pou wè avèk dwa pwopriyete imobilye. Li retire langaj demode elektè yo revoke. Li efase dispozisyon ki di amannman yon lwa penal p ap gen konsekans sou pousuit oswa sanksyon pou yon krim ki te komèt anvan amannman an; li kenbe dispozisyon ki an vigè a ki otorize pousuit pou yon krim ki te komèt anvan revokasyon yon lwa penal.

**TÈKS KONPLÈ:**

**ATIK 1  
DEKLARASYON DWA**

SEKSYON 2. Dwa fondamantal.—Tout moun fizik, fi kou gason, egal devwa lalwa epi gen dwa ke yo pa kapab wete, pami yo dwa jwi ak defann lavi ak libète, chèche bonè, resevwa rekonpans pou travay li, epi achte, posede ak pwoteje pwopriyete; ~~eksepte ke lalwa gen dwa règlemante oswa entèdi pou etranje ki pa kalifye pou sitwayènte achte, erite, transfere ak posede pwopriyete imobilye.~~ Pa gen moun k ap prive de ankenn dwa poutèt ras, reliyon, orijin nasyonal, oswa andikap fizik li.

**ATIK 10  
DIVÈS**

SEKSYON 9. Revokasyon lwa penal.—Revokasyon ~~oswa amannman~~ yon lwa penal pa dwe gen konsekans ni sou pousuit ~~ni sou pinisyen~~ pou ankenn krim ki te komèt anvan sa anvan revokasyon sa a.

**SEKSYON 19. Revoke Sistèm transpò terès a gran vitès.** — Pou redui blokis epi ofri publik k ap deplase a lòt opsyon, yo deklare isit la li nan enterè publik la pou yo devlope epi administre yon sistèm transpò terès a gran vitès ki gen ladan yen monoray, yon sistèm gidaj fiks eswa levitasyon mayetik, ki kapab fè vitès ki depase 120 mil pa è, nan Eta Florid pou ofri transpò terès a gran vitès gras a teknoloji inovatè, efikas ak ekonomik ki gen ladan yo ray eswa gidaj fiks ki konsakre a li epi ki separe de sikilasyon veyikil a motè yo epi ki pral relye senk pi gwo zòn iben yo nan Eta a jan Kò Lejislatif la detèmine li epi ofri aksè a fasilité ak sèvis transpò ayeryen ak terès ki la deja yo. Kò Lejislatif la, Kabinè a ak Gouvènè a resevwa lòd isit la pou Eta a ak/oswa yon antite prive kòmanse devlòpman sistèm sa a konfòmeman a apwobasyon ak eterizasyon Eta a, sa gen ladan akizisyon dwa pasaj, finansman konsepsyon ak konstriksyon sistèm nan, ak fonksyònman sistèm nan, jan sa prevwa pa afektasyon fon presi epi pa lalwa, avèk konstriksyon an ki pou kòmanse nan dat 1ye novanm 2003 pou pi ta.

**NIM. 12**  
**REVIZYON KONSTITISYONÈL**  
**ATIK 2, SEKSYON 8**  
**ATIK 5, SEKSYON 13**  
**ATIK 12, NOUVO SEKSYON**

**TIT BILTEN VÒT LA:**

Fonksyonè Piblik k ap Fè Lobi epi Abize Fonksyon yo

**REZIME BILTEN VÒT LA:**

Li laji restriksyon ki an vigè yo sou ansyen fonksyonè piblik k ap fè lobi pou resevwa lajan; li kreye restriksyon pou fonksyonè piblik ki an fonksyon ak ansyen jij jiridiksyon siperyè ak jij tribunal premye enstans k ap fè lobi pou resevwa lajan; li prevwa eksepsyon; li entèdi pou fonksyonè ak anplwaye piblik yo abize fonksyon piblik yo pou jwenn avantaj pèsonèl.

**TÈKS KONPLÈ:**

**ATIK 2**  
**DISPOZISYON JENERAL**

SEKSYON 8. Etik nan gouvènman.— Fonksyon piblik se konfyans piblik. Pèp la dwe gen dwa pwoteje ak kenbe konfyans sa a kont abi. Pou garanti dwa sa a:

- (a) Tout fonksyonè konstitisyonèl eli yo ak kandida pou fonksyon sa yo, jan lalwa gen dwa detèmine li, lòt fonksyonè piblik, kandida, ak anplwaye dwe soumèt divilgasyon konplè ak piblik enterè finansye yo.
- (b) Tout fonksyonè piblik eli yo ak kandida pou fonksyon sa yo dwe soumèt divilgasyon konplè ak piblik finans kanpay yo.
- (c) Tout fonksyonè oswa anplwaye piblik ki vyole konfyans piblik la pou gen pèsonèl ak tout moun oswa antite ki ensite vyolasyon sa a ap responsab devan Eta a pou tout avantaj finansye li jwenn poutèt aksyon sa yo. Lalwa gen dwa prevwa jan rekouvreman an ak lòt donmaj ak enterè ap fèt.

(d) Tout fonksyonè oswa anplwaye publik yo kondane pou krim ki gen pou we avèk vyolasyon konfyans publik ap gen pou li renonse a dwa ak privilèj yon sistèm retrèt publik oswa plan panson jan lalwa gen dwa prevwa li.

(e) Yon manm kò lejislatif la oswa yon fonksyòn yo eli pou tout Eta a pa gen dwa reprezante pèsonèlman yon lòt moun oswa antite pou lajan devan òganis k ap dirije a kote moun nan te yon fonksyonè oswa manm pandan yon peryòd de lane apre li kite fonksyon an. Yon manm kò lejislatif la pa gen dwa reprezante pèsonèlman yon lòt moun oswa antite pou lajan pandan manda li nan fonksyon an devan ankenn òganis Eta a apa tribunal jidisyè. Lalwa gen dwa tabli restriksyon menm jan an sou lòt fonksyonè ak anplwaye publik.

(f)(1) Nan paragrap sa a, tèm “fonksyonè publik” la vle di yon fonksyonè ki eli pou tout Eta a, yon manm kò lejislatif la, yon komisyonè konte, yon fonksyonè konte konfòrman a Atik 8 oswa konstitisyon konte a, yon manm asanble edikasyon an, yon direktè rejyonal ansèyman, yon fonksyonè minisipal ki eli, yon fonksyonè distrik espesyal ki eli nan yon distrik espesyal ki gen otorite taksasyon sou valè, oswa yon moun k ap sèvi kòm sekretè, direktè egzekitif, oswa yon lòt dirijan yon òganis yon depatman pouvwa egzekitif gouvènman Eta a.

(2) Yon fonksyonè publik pa dwe fè lobi pou lajan sou kestyon politik, afektasyon fon, oswa acha devan ni gouvènman federal la, ni kò lejislatif la, ni kèlkeswa òganis Eta a, ni kèlkeswa sibdivizyon politik la nan Eta sa a, pandan manda li nan fonksyon an.

(3) Yon fonksyonè publik pa dwe fè lobi pou lajan sou kestyon politik, afektasyon fon, oswa acha pandan yon peryòd sis lane apre li kite pòs publik la, jan ki annapre a:

- a. Yon fonskyonè yo eli pou tout Eta a oswa yon manm kò lejislatif la pa dwe fè lobi kot kò lejislatif la ni kèlkeswa òganis Eta a.
- b. Yon moun k ap sèvi kòm sekretè, direktè egzekitif, oswa yon lòt dirijan yon òganis yon depatman pouvwa egzekitif gouvènman Eta a pa dwe fè lobi kot kò lejislatif la, ni kot gouvènè a, ni kot biwo egzekitif gouvènè a, ni kot manm kabinè a, ni kot yon depatman ki gen nan tèt li yon manm kabinè a, ni kot ansyen depatman li an.

c. Yon komisyonè konte, yon fonksyonè konte konfòmeman a Atik 8 oswa konstitisyon konte a, yon manm asanble edikasyon an, yon direktè reyjonal ansèyman, yon fonksyonè minisipal ki eli, oswa yon fonksyonè distrik espesyal ki eli nan yon distrik espesyal ki gen otorite taksasyon sou valè pa dwe fè lobi kot ansyen òganis li an.

(4) Yo pa dwe entèprete paragraf sa a kòmkwa li entèdi yon fonksyonè publik egzèse devwa fonksyon publik li an.

(5) Kò lejislatif la gen dwa pwomilge lejislasyon pou aplike paragraf sa a, tankou, pami lòt bagay, sa ki defini tèm yo epi prevwa sanksyon pou vyolasyon. Tout lwa konsa pa dwe gen dispozisyon sou ankenn lòt sijè.

(g)(f) Dwe gen yon komisyon endepandan pou fè envestigasyon epi fè rapò publik sou tout plent sou vyolasyon konfyans publik la fonksyonè oswa anplwaye publik yo komèt epi ki pa nan jiridiksyon komisyon kalifikasyon jidisye a.

(h)(1)(g) Lalwa ap preskri yon kòd etik pou tout anplwaye Eta a ak fonksyonè non-jidisye yo k ap entèdi konfli ant devwa publik ak enterè prive.

(2) Yon fonksyonè oswa anplwaye publik pa dwe abize pòs publik li a pou jwenn avantaj demezire pou ni tèt li, ni mari oswa madam li, ni pitit li, ni anplwayè li; ni pou ankenn biznis li gen kontra avèk li; kote li se kad, patnè, direktè, oswa pwopriyetè; oswa kote li posede enterè. Komisyon sou Etik Florid la pral, pa règ ki konfòm a pwosedi legal ki gouvène règlemantasyon administratif yo, defini tèm "avantaj demezire" a epi preskri lentansyon ki dwe genyen pou jwenn vyolasyon entèdiksyon sa a pou aplike paragraf sa a. Se lalwa k ap preskri sanksyon apwopriye yo.

(i)(h) Yo pa dwe entèprete seksyon sa a kòmkwa li limite divilgasyon ak entèdiksyon lalwa gen dwa tabli yo pou prezève konfyans publik la epi evite konfli ant devwa publik ak enterè prive.

(i)(f) Orè—Nan dat amannman sa a vin an vigè epi jiskaske lalwa chanje li:

(1) Divilgasyon konplè ak publik enterè publik ap vle di soumet kot gadyen dosye Eta a disi 1ye jiyè chak ane yon deklarasyon sou sèman ki montre vale nèt epi ki idantifye chak aktif ak pasif ki depase \$1,000 ak valè li ansanm avèk youn nan sa ki annapre yo:

- a. Yon kopi dènye deklarasyon taks federal sou revni moun nan; oswa
- b. Yon deklarasyon sou sèman ki idantifye chak sous separe ak montan revni ki depase \$1,000. Se komisyon endependan ki tabli nan paragraf (g) (f) a k ap preskri fòm divilgasyon sous yo ak règ yo dwe suiv pou soumet yo, epi règ sa yo dwe gen ladan yo divilgasyon sous revni segondè.

(2) Moun ki gen fonksyon eli pou tout Eta a dwe soumet divilgasyon enterè finansye yo tou konfòmeman a paragraf (1) paragraf (i)(1).

(3) Komisyon endependan yo prevwa nan paragraf (g) (f) a ap vle di Komisyon sou Etik Florid la.

## ATIK 5 SISTÈM JIDISYÈ

SEKSYON 13. Etik nan sistèm jidisyè a Aktivite entèdi.—

(a) Tout jij jiridiksyon siperyè yo ak tout jij premye enstans yo dwe konsakre a plentan a devwa jidisyè yo. Yon jij jiridiksyon siperyè oswa premye enstans Yo pa dwe ap pratike dwa ni gen fonksyon nan ankenn pati politik.

(b) Yon ansyen jij jiridiksyon siperyè oswa premye enstans pa dwe fè lobi pou lajan sou kestyón politik, afektasyon fon, oswa acha devan pouvwa lejislatif oswa egzekitif yo nan gouvenman Eta a pandan yon peryòd sis lane lè li fin kite pòs jidisyè li a. Kò lejislatif la gen dwa pwomilge lejislasyon pou fè aplike paragraf sa a, tankou, pami lòt bagay, defini yo epi prevwa sanksyon pou vyolasyon. Yon lwa konsa pa dwe gen dispozisyon sou ankenn lòt sijè.

ATIK 12  
ORÈ

Entèdiksyon pou fonksyonè publik yo ak anplwaye publik yo fè lobi pou lajan epi abize pòs publik yo.— Amannman yo nan Seksyon 8 nan Atik 2 ak Seksyon 13 nan Atik 5 ap an vigè apati 31 desanm 2022; eksepte amannman yo nan Seksyon 8(h) nan Atik 2 ap an vigè apati 31 desanm 2020, epi:

- (a) Komisyon sou Etik Florid la dwe, pa jijman, defini tèm "avantaj demezire" a epi preskri lentansyon ki dwe genyen an pou jwenn yon vyolasyon entèdiksyon kont abi pòs publik la disi 1ye oktòb 2019, jan sa presize nan Seksyon 8(h) la nan Atik 2.
- (b) Apre adopsyon règ yo konfòmeman a paragraf (a), kò lejislatif la dwe pwomilge lwa pou fè aplike sanksyon yo pou vyolasyon entèdiksyon kont abi pòs publik la k ap an vigè apati 31 desanm 2020.

**NIM. 13**  
**REVIZYON KONSTITISYONÈL**  
**ATIK 10, NOUVO SEKSYON**  
**ATIK 12, NOUVO SEKSYON**

**TIT BILTEN VÒT LA:**

Li Mete yon Fen nan Kous Chen

**REZIME BILTEN VÒT LA:**

Li aboli pwogresivman kous chen komèsyal nan kad paryaj disi 2020.  
Sa pa gen konsekans sou lòt aktivite jwèt aza.


**TÈKS KONPLÈ:**

ATIK 10  
DIVÈS

Entèdiksyon fè kous ak paryaj sou chen ras levriye oswa lòt chen.-  
Tretman san kriyote zannimo se yon prensip fondamantal pèp Eta Florid  
la. Apre 31 desanm 2020, yon moun ki gen otorizasyon mennen  
operasyon jwèt lajan oswa pari pa gen dwa fè kous chen ras levriye ni  
ankenn manm nan sou-espès Canis Familiaris la nan sa ki gen pou wè  
avèk kèlkeswa paryaj la pou lajan oswa nenpòt ki lòt bagay ki gen valè  
nan Eta sa a, epi moun nan Eta sa a pa gen dwa fè paryaj lajan ni ankenn  
lòt bagay ki gen valè sou rezulta yon kous chen an dirèk k ap fèt nan Eta  
sa a. Lefèt li pa fè kous levriye ni paryaj sou kous levriye apre 31 desanm  
2018, pa yon motif pou revoke oswa refize renouyle lòt pèmi jwèt lajan  
yon moun ki se yon detantè pèmi levriye nan dat 1ye janvye 2018  
genyen, epi sa pa gen konsekans sou kalifikasyon detantè pèmi sa a,  
oswa etablisman detantè pèmi sa a, pou li mennen lòt aktivite pari lwa  
jeneral la otorize. Dapre lwa jeneral la, kò lejislatif la dwe presize  
sanksyon sivil oswa penal pou vyolasyon seksyon sa a epi pou aktivite ki  
ede oswa ankouraje vyolasyon seksyon sa a.

ATIK 12  
ORE

Entèdiksyon sou fè kous oswa paryaj sou chen ras levriye oswa lòt chen.  
Amannman an nan Atik 10, ki entèdi kous oswa paryaj sou levriye ak lòt chen,  
ak kreyasyon seksyon sa a, ap an vigè kou elektè yo apwouve yo.





## **DEPATMAN DETA FLORID**

Divizyon Eleksyon  
R.A. Gray Building, Sal 316  
500 South Bronough Street  
Tallahassee, Florida 32399-0250  
Telefòn: 850.245.6200  
Sit wèb: [dos.myflorida.com/elections](http://dos.myflorida.com/elections)